

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan nyaéta cara atawa léngkah-léngkah sistematis nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan gumantung kana tujuan panalungtikanna. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta atawa data-data anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2006, kc. 53).

Métode déskriptif analitik ku Endraswara (2013, kc. 176) disebut métode déskriptif kualitatif. Éta métode ngutamakeun kumaha ngagambarkeun data ngaliwatan kekecapan. Hartina, data anu miboga peran sedengkeun kritikus nu ngagambarkeun tur ngajéntrékeun saluyu jeung data nu aya. Cindekna métode déskriptif analitik téh nyaéta métode nu dilaksanakeun pikeun nimukeun pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis nu digambarkeun ngaliwatan wujud kekecapan.


Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita jeung aspék moral nu aya dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar. Satuluyna, éta hasil analisis dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novél di kelas SMA.

#### **3. 1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta gambaran umum panalungtikan nu mangrupa prosés atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Nurutkeun Umar (2008, kc. 6) desain panalungtikan nyaéta rarancang gawé nu miboga struktur hubungan-hubungan antar variabel sacara *komprehensif* sangkan hasilna bisa méré jawaban tina patalékan-patalékan nu aya. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan nyaéta tahap nangtukeun masalah, ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, nangtukeun jeung nyieun instrumén,

ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nyieun kacindekan, sarta nyieun laporan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti ieu.

**Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**




### 3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék asal (ti mana) data dicokot. Upama data panalungtikan téh maké dokumentasi, éta dokumén mangrupa sumber data sedengkeun eusi dokuménna disebut subjék atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 172). Ku lantaran panalungtik ngagunakeun dokumentasi anu

datana mangrupa dokumén, jadi sumber data anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina tulisan nyaéta novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar.

### 3.2.1 Déskripsi Buku

Novél *Prabu Wangisutah* mangrupa novél karya Yoséph Iskandar. Citakan kahiji Novél *Prabu Wangisutah* dimedalkeun ku Yayasan Pembangunan Jawa Barat jeung Penerbit Rahmat Cijulang taun 1991, sedengkeun citakan kadua dimedalkeun ku Pusat Studi Sunda di bulan Nopember taun 2012. Ukuran bukuna 21 cm x 14,5 cm tur diwangun ku 12 bab anu kandelna 104 kaca. Runtuyan kandelna kaca dina unggal baris dipedar saperti kieu.



Gambar 3.1 Jilid Buku

### Hareup

Tabél 3.1  
Jumlah sarta Papasingan Bab dina Novél *Prabu Wangisutah*

No.	Bab	Kaca
1.	Bab 1	5-13
2.	Bab 2	14-22
3.	Bab 3	23-31
4.	Bab 4	32-40
5.	Bab 5	41-49
6.	Bab 6	50-58
7.	Bab 7	59-67
8.	Bab 8	68-76
9.	Bab 9	77-84
10.	Bab 10	85-91
11.	Bab 11	92-98
12.	Bab 12	99-104

Pangarang ngabagi babna dumasar kana inti masalah nu karandapan. Jadi rata-rata kandel unggal bab nyaéta kurang ti 10 kaca. Sanajan latar tempat jeung latar waktu dina sababaraha bab sarua kénéh tapi kajadian nu karandapan béda.

Alfinda Herdayanti, 2017

ANALISIS STRUKTURAL JEUNG MORAL DINA NOVÉL PRABU WANGISUTAH KARYA YOSÉPH ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Warna kertas ieu novél ilaharna kertas nu dipaké nulis, nyaéta warna bodas, sedengkeun jilidna, boh jilid hareup boh jilid tukang sarua warna konéng. Dina jilid hareup aya tulisan judul novél jeung ngaran pangarang sarta di luhureun judul aya gambar ilustrasi. Gambar ilustrasi dina jilid novél biasana nyambung jeung eusi novélna. Ku kituna gambar ilustrasi ogé bisa jadi gambaran eusi buku.

Gambar ilustrasi dina ieu novél nyaéta aya dua nonoman anu keur ngawangkong di tengah saung buhun. Lalaki nu hiji diukna rada hareup sedengkeun nu hiji deui rada tukang. Hareupeun éta dua nonoman téh aya awéwé nu maké jubah ditudungkeun keur diuk sila nukangan panto. Satengah tina awakna kaciri ku dua nonoman nu keur ngawangkong di tengah saung buhun. Diukna éta awéwé téh kawas nu hayang apal kana naon nu diwangkongkeun ku dua nonoman. Disebut hayang apal téh lantaran sirah éta awéwé rada ngalieuk ka belah kénca, pernahna ka dua nonoman. Di jilid tukangna aya gambar jilid hareup tina ieu novél dina ukuran nu leuwih leutik sarta aya gambaran carita.

Tulisanna sakumaha nu dipedar ieu dihandap.

*Prabu Wangisutah*, roman sajarah nu ditulis dumasar kana naskah-naskah Pangéran Wangsakerta, terasna tina *Wastu Kancana* (Pusat Studi Sunda, 2012). Sabada mulang ka Kawali, Wastu Kancana teu puruneun gancang-gancang diistrénan jadi papayung nagri, jeneng ratu jadi Prabu. Sabab nurutkeun anggapanana jadi raja Sunda téh teu gampang. Kudu tanggoh dina wates bebeneran mun hayang raharja sapangeusi alam dunya. Waktu dicaritakeun ngeunan hubunganna jeung Putri Maharesi Susuk Lampung, Prabu Bunisora harita kénéh ngirimkeun utusan pikeun ngalamar Déwi Sarkati jeung Pramésuari. Hanjakalna pasilingsingan, Déwi Sarkati geus indit ka Nagri Sunda nyusul Wastu Kancana.

Dina ieu novél, saméméh asup kana carita, dipidangkeun heula rajah pamuka. Kitu ogé waktu carita geus lekasan, aya rajah panutup. Rajah asup kana salah sahiji gaya pangarang dina nulis karanganna. Fungsi rajah nyaéta minangka sarana pikeun sanduk-sanduk ka karuhun, bisi dina tulisanana aya carita nu méngpar tina jalan carita nu saenyana. Salian ti éta, rajah digunakeun lantaran ieu novél nyaritakeun kahirupan di jaman karajaan, sarta sumber pikeun nulis ieu

novél nyaéta naskah-naskah buhun. Ku kituna, cara midangkeun ieu novél mirip jeung cara midangkeun carita pantun nyaéta maké rajah.

### 3.2.2 Biografi Pangarang

Yoséph Iskandar gumelar di Purwakarta, kaping 11 Januari 1953. Anjeunna tilar dunya di Bandung, kaping 28 Maret 2008 dina yuswana nu ka 55 taun. Yoséph katelah salaku pangarang novél, roman, carpon, jeung drama dina basa Sunda. Lulus ti SMA Yoséph nuluykeun sakolana ka ATPU (*Akademi Tehnik Pekerjaan Umum*) di Bandung.



Salila kuliah, Yoséph leuwih aktip kana kagiatan kasenian batan kuliahna. Nu matak, Yoséph kungsi mingpin kagiatan “Teater Khas” di taun 1977-1981 bareng jeung batur sastrawan saentraganna saperti Éddy D. Iskandar, Godi Suwarna, Juniarso Ridwan, jeung Beni Setia. Yoséph nyieun organisasi sastrawan Sunda nu dingaranan “Durma Kangka”. Saksi jeung bukti ti sajarah Durma Kangka di antarana nyaéta medalna buku *Antologi Puisi Sunda Mutahir* (1980) jeung *Tumbal* (1982).

Yoséph bisa dianggap sastrawan Sunda nu *sukses* ngaadumaniskeun sajarah Sunda jeung karya sastra. Waktu naskah Wangsakerta jadi bahan omongan di antara para sajarawan, Yoséph Iskandar mah wani nuliskeunana jadi novél anu harita sumberna *kontroversial*. Yoséph mimiti diajar maca jeung neuleuman naskah-naskah Wangsakerta téh ku suwargina Saléh Danasasmita. Nu matak réa karangan-karangan Yoséph Iskandar nu kagolong kana novél sajarah, kayaning *Perang Bubat* (1998), *Wastu Kancana* (1989), *Prabu Wangisutah* (1991), *Tanjeur na Juritan Jaya di Buana* (1991), *Pamanahrasa* (1991), *Putri Subanglarang*

(1991), *Prabu Anom Jayadéwata* (1996), *Tri Tangtu di Bumi* (1996). Novél *Tanjeur na Juritan Jaya di Buana*, dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 1992, sedengkeun novél-novél lianna nu ditulis dina taun éta kénéh asup kana nominasi. Di taun 1997, Yoséph meunang deui Hadiah Sastra Rancagé tina novél-na nu judulna *Tri Tangtu di Bumi*.

Salian ti nulis prosa, Yoséph Iskandar ogé nulis puisi jeung drama Sunda. Sababaraha naskah anu ditulis ku Yoséph di antarana nyaéta: *Ngadegna Pajajaran*, *Pemberontakan Cakrawarman*, *Runtagna Pajajaran*, *Nyi Puun*, *Tanjeur Pajajaran*, jeung *Haji Prawatasari*.

Salaku panulis anu resep ngaguar ngeunaan sajarah, Yoséph bisa kasebut ngarti tur bisa neuleuman kaayaan sosial di sabudeureunana. Katitén tina naskah drama nu judulna *Juag Toéd*, *Haréwos nu Gaib*, *BOM*, jeung *Cucunguk* loba kritik anu matak peureus jeung nepi kana mamaras manah nu maca. Dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS) IX taun 2006, naskah drama nu judulna *Cucunguk* jadi naskah drama *favorit* nu dipilih ku pamilon FDBS.

Ngaran Yoséph Iskandar geus katelah ogé di widang pers Sunda jeung dunya atikan. Salian ti kungsi jadi rédaktur *Manglé*, anjeunna ogé kungsi jadi rédaktur tabloid *Giwangkara*. Sedengkeun dina widang atikan, Yoséph kungsi jadi dosén di UNPAS, UNTIRTA, jeung di UC Santa Cruz, California-Amérika. Tina lalampahan *karirna*, bisa katitén yén Yoséph Iskandar téh nyaéta sastrawan anu *produktif*, panulis sajarah, inohong téater sunda, jeung organisator.

(Dicutat tina novél *Prabu Wangisutah*, 2012) jeung (Cabik Lunik, 2013)

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data kaasup kana léngkah nu kawilang penting dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiono (2010, kc. 224) ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara.

Dina ngumpulkeun data-data ieu panalungtikan, digunakeun téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis kalawan maké cara nalaah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman

tiori-tiori nu aya patalina jeung garapan panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta buku novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar. Data nu kakumpulkeun mangrupa data nu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal. Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) maca buku-buku anu patali jeung strukturalisme, moral, jeung bahan pangajaran;
- 2) nangtukeun sumber data, nyaéta novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar;
- 3) maca sagemblengna novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, léngkah séjénna nu perlu dilakukeun nyaéta kagiatan téhnik ngolah data. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 281) téhnik ngolah data téh nyaéta analisis data nu dibeunangkeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus sarta aturan-aturan anu saluyu jeung panalungtikan atawa desain nu digunakeun.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngolah data analisis sruktural, aspék moral jeung bahan pangajaran maca novél. Data anu geus dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah ieu.

- 1) Niténan deui data anu geus kakumpul.
- 2) Nyieun papasingan data.
- 3) Nganalisis data unggal téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan, jeung gaya basa) kaasup aspék moral nu aya dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar.
- 4) Ngadéskripsikeun téma carita, fakta carita (galur, palaku, jeung latar) jeung sarana carita (judul, puseur implengan, jeung gaya basa).
- 5) Ngadéskripsikeun aspék moral nu nyangkaruk dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar.
- 6) Nganalisis novél dumasar kana kritéria bahan pangajaran.
- 7) Nyusun bahan pangajaran maca novél di SMA.
- 8) Nyindekkeun hasil analisis data.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih hampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih lengkep, sistematis sarta leuwih gampang diolahna (Arikunto, 2010, kc. 160).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan dina ngolah data jeung instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data. Éta instrumén téh digunakeun pikeun nganalisis struktur carita jeung aspék moral dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar anu satuluyna dijadikeun bahan ajar maca novél di SMA.

#### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta instrumén kartu data céklis buku sumber kucara ngadata heula buku-buku anu sakirana mangaruhan kana panalungtikan. Sabada ngadata tuluy maca unggal buku nu geus didata. Sanggeus maca, pilih buku mana anu bakal digunakeun jeung nu jadi buku babon dina panalungtikan. Buku nu geus dipilih tuluy dicéklis dina kartu data saperti kieu.

**Tabél 3.2**  
**Kartu Data Céklis Buku Sumber**

No.	Idéntitas Buku	Katégori Buku
1.	Judul:	1. Sastra
	Panulis:	2. Budaya
	Taun Terbit:	3. Basa
	Penerbit:	4. Méthode panalungtikan
		5. Novél
		6. Pangajaran
		7. Moral

#### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data nu gunana pikeun ngumpulkeun jeung



mindahkeun data nu geus aya. Éta kartu data téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data analisis struktur carita jeung aspék moral nu aya dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar.

**Gambar 3.2**  
**Conto Kartu Data Analisis Struktur Carita**

Kode data:
Struktur carita nu dianalisis:
Cutatan:

**Gambar 3.3**  
**Conto Kartu Data Analisis Aspék Moral**

Kode data:
Aspék moral nu dianalisis:
Cutatan:

**Gambar 3.4**  
**Conto Analisis Struktur Carita**

<p>Kode data: 4/11/68/1</p> <p>Struktur nu dianalisis: Latar</p> <p>Cutatan: “Prabu Bunisora Suradipati nu ogé kasebut Bataraguru di Jampang, di Kadaton Sri Kancana Manik lir danten nu rék ngendog. Gawéna ngan ujug-ajig teu genah cicing.”</p>
--

**Gambar 3.5**  
**Conto Analisis Aspék Moral**

<p>Kode data: 3/9/22/10</p> <p>Aspék moral nu dianalisis: MMMS</p> <p>Cutatan: “Cik Ki Adi, cekel ieu tali kuda, kami rék mantuan!”</p>
---

Dina pengkodean data, dilakukeun dumasar unsur nu dianalisis. Data nu ditulis dina pengkodean nyaéta struktur carita/aspék moral, urutan data, kode kaca, jeung kode paragraf anu aya dina sumber data. Contona dina pengkodean analisis struktur carita aya kode 4/11/68/1. 4 nyaéta kode pikeun latar, 11 nyaéta kode urutan data, 68 nyaéta kode kaca, sarta 1 nyaéta kode paragraf. Kode pikeun analisis struktural carita nyaéta (1) téma; (2) galur; (3) palaku; (4) latar; (5) Judul; (6) puseur panitén; jeung (7) gaya basa.

Kitu ogé dina pengkodean aspék moral dina novél. Contona nyaéta 3/9/22/10. 3 nyaéta kodé moral, 9 nyaéta kodé urutan data, 22 nyaéta kode kaca, jeung 10 nyaéta kode paragraf. Kode pikeun nganalisis aspék moral nyaéta (1) moral manusa ka agama (MMP); (2) moral manusa ka diri sorangan (MMD); (3) moral manusa ka manusa séjén (MMMS); (4) moral manusa ka alam (MMA); (5) moral manusa ka waktu (MMW); jeung (6) moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB).

Salian ti ngagunakeun kartu data, dina ieu panalungtikan ogé digunakeun sistem tabél atawa sistem tabulasi pikeun nganalisis aspék moral anu nyampak dina novél *Prabu Wangisutah*. Ieu di handap nyaéta tabél nu digunakeun pikeun

ngumpulkeun data aspék moral sangkan gampang dianalisis jeung nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

**Tabél 3.3**  
**Tabél Aspék Moral dina Novél *Prabu Wangisutah***

No.	Aspék Moral	Data	Kode Data	Indikator		H/V
				(+)	(-)	
1.	Moral manusa ka Pangéran					
2.	Moral manusa ka diri sorangan					
3.	Moral manusa ka manusa séjén					
4.	Moral manusa ka alam					
5.	Moral manusa ka waktu					
6.	Moral manusa dina ngudag lahiriah jeung batinhiah					

Keterangan:

+ : sikep nu luyu jeung norma moral/ hadé/ positif

- : sikep nu teu luyu jeung norma moral/ goréng/ négatif

H : sorizontal (hubungan jeung Gusti Allah)

V : vertikal (hubungan jeung papada mahluk)

Salian ti instumén panalungtikan kartu data pikeun ngolah data, aya ogé instrumén séjénna nyaéta instrumén céklis anu digunakeun dina ngalarapkeun hasil analisis anu dipatalikeun jeung bahan ajar. Daftar séklisna saperti ieu.

**Tabél 3.4**  
**Daftar Céklis Analisis Bahan Ajar**

No.	Kritéria Milih Bahan Ajar	Novél <i>Prabu Wangisutah</i>		Keterangan
		Luyu	Teu luyu	
1.	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka			

Alfinda Herdayanti, 2017

**ANALISIS STRUKTURAL JEUNG MORAL DINA NOVEL PRABU WANGISUTAH KARYA YOSÉPH ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	warisan entragan saméméhna			
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat murid.			

